



Kijan pou w Fè Lesiv Ou San Danje si Ou Gen MPV

Varyòl makak la (MPV) se yon maladi atrapan ki gen pou kòz enfeksyon ak yon òtopòksviris. MPV simaye pi souvan pa kontak dirèk ak bouton oswa plè yon moun ki gen viris la, oswa kontak ak rad, dra oswa lòt bagay li itilize.

Redui Chans pou w Simaye MPV

Si ou gen bouton oswa plè sou kò ou, mete rad ki ka lave nan machin. Manyen ak fè pwòp lesiv pa ou, si sa posib, epi sèvi ak yon sak an twal pou lesiv ki pa filè e ki ka lave — pa ni sèvi ak dray klinin ni depoze lesiv ou pou yon lòt moun netwaye. Kenbe lesiv ou separe ak lesiv lòt moun lakay ou. Si ou bezwen pou yon zanmi oswa yon manm fanmi ou fè lesiv ou, mande li mete yon mask pwoteksyon ak gan jetab.

Lè w ap fè lesiv ou:

- Mete rad yo dousman, ansanm ak sak la, nan machin a lave a.
- Evite sekwe rad yo pandan w ap wete yo nan sak la.
- Sèvi ak dlo cho nan tanperati ki pi wo posib la.
- Sèvi ak detèjan nòminal. Ou pa oblije sèvi ni ak klowòks nòminal ni ak klowòks ki pa detenn, ni ak lòt dezenfektan.
- Seche lesiv pwòp, mouye w la nan tanperati pi wo ki genyen an. Gade etikèt rad yo pou enstriksyon.
- Seche alè tout rad lakay ou ki pa ka seche nan machin.
- Si ou nan yon blanchisri oswa nan yon lòt sal lesiv piblik, wete lesiv pwòp, sèch ou a nan machin a seche a, mete li dirèkteman nan sak pwòp la epi pliye li lakay.
- Pa pase twòp tan nan kote piblik pou fè lesiv. Si sa posib, ale lakay ou ant lè w ap lave ak seche lesiv ou a, oswa ale deyò pou evite kontak pwòch ak lòt moun.

Pou bagay ki **pa** ka lave nan machin:

- Lave yo nan lavabo oswa nan benywa avèk detèjan.
- Netwaye oswa dezenfekte sa ki te vin an kontak avèk bouton oswa plè ou yo (tankou mont, sentiwon/senti ak chapo) avèk dezenfektan apwopriye w ap jwenn nan lis Ajans Pwoteksyon Anviwònman Ameriken an (U.S. Environmental Protection Agency, EPA) (li disponib nan bit.ly/epa-disinfectants-list).
- Mete yo nan yon sak plastik sele pandan 21 jou si ou pa ka lave yo lakay.

Depatman Sante NYC a gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sityasyon an ap evolue.

11.18.22 Haitian Creole